



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

Kijan pou Mande Apèl nan OATH

K: Kisa yo rele apèl?

R: Lè nenpòt nan pati/bò yo vini nan yon odyans OATH epi **pa** satisfè ak desizyon Ajan Odyans la, pati ki pa satisfè a gen dwa depoze yon apèl devan Inite Apèl (Appeals Unit) OATH la pou mande yo rekonsidere dosye a. Lè yon apèl byen depoze y ap voye li nan Initè Apèl OATH la pou detèmine si konstatasyon fè ak lwa ki nan desizyon Ajan Odyans la gen apui prèv ki nan rejis la, ak si wi ou non lalwa kore penalite ki enpoze yo.

- Inite Apèl la **p ap** pran an konsiderasyon okenn prèv ki pa t prezante devan Ajan Odyans la, sòf si se dosye gouvènman k ap chanje rezulta desizyon an si yo pran yo an konsiderasyon, epi sèlman si pati k ap bay prèv yo bay yon bon rezon ki fè li pa t prezante yo nan odyans la.

K: Kilè mwen ka mande apèl?

R: Si ou vle fè apèl yon desizyon, ou dwe fè sa nan yon delè 30 jou apati de dat desizyon an si yo te ba ou desizyon **ekri a an pèsou** oubyen nan yon delè 35 jou apati de dat desizyon an si ou te resevwa desizyon **ekri a pa lapòs**.

- Li posib pou aplike pou yon pwolongasyon delè pou mande apèl la. Tanpri pale ak yon reprezantan Sant Èd (Help Center) OATH la pou jwenn plis enfòmasyon sou sa.

K: Ki kote pou mwen voye apèl la?

R: Gen de (2) fason pou voye apèl la: **1)** Ou ka voye li pa lapòs nan Inite Apèl OATH la nan 66 John St., 10th Floor, New York, NY 10038 (si ou voye li pa lapòs, ou **DWE** voye tou kopi apèl la ak kopi prèv yo bay ajans ki te fè sitasyon an); **oswa 2)** Ou ka mande apèl la sou entènèt avèk fòmilè "Fòmlè Apèl ak Yon Klik" (One-Click Appeals Form) OATH la nan: <https://www1.nyc.gov/site/oath/hearings/one-click-appeals-form.page>.

K: Èske gen yon fòmilè presi mwen dwe ranpli pou mande apèl la?

R: Pa gen fòmilè apèl ou *oblige* itilize, men OATH gen yon fòmilè apèl ou ka *chwazi* itilize si ou panse l ap itil ou. Ou ka jwenn fòmilè a nan men yon reprezantan Sant Èd OATH la oswa nan Biwo Grefye (Clerk's Office) OATH la.

K: Èske mwen dwe peye penalite yo te ban mwen apre odyans la si m ap fè apèl?

R: **Wi.** Nan pifò ka yo ou dwe bay prèv peman amann, penalite oswa restitisyon ansanm ak apèl ou a. Nan kèk ka, ou gen dwa kalifye pou yo ba ou dispans pou peman an si ou ka montre sa ap ba ou "difilikte finansye" si ou peye penalite a anvan apèl la deside epi sa ap anpeche ou mande apèl la. Pou jwenn yon dispans poutèt "difilikte finansye" pou peman penalite anvan apèl la, ou dwe bay prèv sitiyasyon finansye ou, nòmalman yon deklarasyon taks, odit, resi asistans piblik, elatriye, epitou eksplikasyon sou kijan peye penalite a kounye a t ap yon difilikte finansye pou ou. Ou dwe mande dispans poutèt difilikte finansye a anvan, oswa pandan, ou mande apèl la.

- Li **PA** obligatwa pou peye penalite a anvan apèl la si yo te bay sitasyon an poutèt vyolasyon yon lwa oswa règleman ke Komisyón Taksi ak Limouzin nan (Taxi and Limousine Commission) fè aplike, oswa si desizyon odyans la te endike ou te gen opsyon fè sèvis kominotè olye pou w peye lajan kòm penalite.

K: Èske yo ka ede mwen mande apèl la?

R: **Wi.** Tanpri kontakte Sant Èd OATH la an pèsou nan nenpòt lokal OATH, depi nan lendi rive nan vandredi, apati de 8:00 am pou 5:00 pm, pa telefòn nan (212) 436-0845, oswa pa imèl nan manhelpcenter@oath.nyc.gov, pou yo ede ou mande apèl ou a.

K: Èske mwen ka jwenn anrejistreman odyo odyans mwen an pou mwen sèvi avèk li nan apèl mwen an?

R: **Wi.** Tanpri kontakte Sant Èd OATH la pou yo ede ou jwenn anrejistreman odyo odyans ou a.

**Si ou Bezwèn Plis Èd, Tanpri Kontakte Sant Èd OATH la An Pèsou Nan Nenpòt Lokal OATH,
depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8 am pou 5 pm, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845,
Oswa Pa Imèl Nan [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:manhelpcenter@oath.nyc.gov)**